Department of Education
Dennis M. Walcott, Chancellor

Plan pou aksè nan lang

I. Misyon ak Motif

Depatman edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) sèvi plis pase 1.1 milyon elèv prematènèl rive nan 12yèm ane nan plis pase 1,700 lekòl. Elèv ak paran yo kominike nan plis pase 180 diferan lang. Se responsablite DOE pou garanti tout paran jwenn bon jan opòtinite pou yo patisipe nan pwogram edikasyon pitit yo[1]. DOE kreye plan aksè nan lang sa a pou asire yo bay sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ki apwopriye pou paran ki pa pale anglè byen *limited English proficient* (LEP) dapre Regleman Chanselye A-663.

II. Objektif aksè nan lang

Regleman Chanselye A-663 fikse pwosedi pou garanti ke yo bay paran elèv ki pa pale anglè byen *Limited English Speaking* (LEP) bonjan opòtinite pou patisipe ak pou gen aksè nan pwogram ak sèvis ki enpòtan pou edikasyon pitit yo. Regleman Chanselye A-663 egzije sèvis lang nan nèf lang paran timoun lekòl Vil Nouyòk plis pale yo apa anglè. Dapre sondaj DOE pou idantifye lang paran pale lakay *Home Language Identification Survey,* lang sa yo se Arab, Bengali, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl ak Oudou (nan dokiman sa a n ap rele "lang nou kouvri"). Lang sa yo, ansanm ak anglè konte pou plis pase 95% nan lang elèv pale lakay yo. Gen sipò ki disponib nan plis lang atravè founisè sèvis ki gen kontra yo.

Regleman sa yo fikse kondisyon pou:

- Tradiksyon dokiman ki gen ki gen enfòmasyon enpòtan sou edikasyon yon elèv nan chak lang yo kouvri yo.
- Mete sèvis tradiksyon ak entèpretasyon disponib pou paran.
- Kolekte done sou lang prensipal paran chak timoun ki nan lekòl pale ak si paran sa a bezwen èd nan tradiksyon/entèpretasyon pou l kominike ak DOE.
- Motive paran plis sou dwa yo ak disponiblite ki genyen pou sèvis tradiksyon/entèpretasyon.
- Kreye plan aksè nan lang nan lekòl la.

III. Inite Tradiksyon ak Entèpretasyon *The Translation and Interpretation Unit(* (T & I):

Se T & I ki responsab pou fè tout efò ki gen rapò ak aksè nan lang nan DOE. L ap fonksyone ak Divizyon pou Angajman Fanmi ak Kominote *Division of Family and Community Engagement* (FACE) pou asire aksè nan lang lan gen yon konsiderasyon espesyal nan tout inisyativ ak kominikasyon pou patisipasyon paran. Inite a:

[1] Tèm "parent" vle di paran oswa responsab elèv la oswa nenpòt moun ki jwe wòl paran oswa ki gen gad elèv la.

- sipèvize ak kontwole fason DOE ofri sèvis asistans nan tradiksyon/entèpretasyon pou paran LEP;
- Kolabore ak lekòl yo pou asire sèvis tradiksyon ak entèpretasyon satisfè bezwen popilasyon paran LEP;
- Sèvi kòm premye kote pou kontakte pou lekòl ki bezwen oryantasyon ak sipò;
- Bay opinyon sou repatisyon bidjè ki apwopriye pou sèvis tradiksyon ak entèpretasyon epi kontwole ak evalye kòman lekòl yo itilize lajan tradiksyon ak entèpretasyon;
- Devlope ak fè trening pou estaf ki enpòtan nan lekòl la;
- Devlope ak ofri Zouti pou aksè nan lang pou lekòl yo. Zouti sa yo se yon afich byenveni ki nan plizyè lang, yon Gid pou idantifye lang *Language Identification Guide* pou ede konnen ki lang yon paran pale, modèl/*Speak Card* pou paran, modèl feyè aksè nan plizyè lang pou aksè nan, yon bwochi enfòmasyon sou sèvis T & I Unit ofri ak yon kat pou konferans nan telefòn pou ajan sekirite lekòl yo ki dekri kòman pou jwenn yon entèprèt.
- Travay ak *Office of School Facilities* pou asire yo afiche siy ki di yo ofri tradiksyon/entèpretasyon nan lekòl la; epi
- Konsève kontra founisè deyò ki ofri sèvis tradiksyon/entèpretasyon.

IV Plan pou bay sèvis

A. Entèpretasyon

Regleman Chanselye A-663 egzije pou DOE ofri sèvis entèpretasyon swa nan lekòl/biwo kote paran mande èd oswa pa telefòn, lè sa posib, pandan lè regilye biwo pou paran ki pale yon lang natifnatal nou kouvri epi ki mande sèvis sa yo pou yo ka kominike avèk DOE sou enfòmasyon enpòtan nan edikasyon pitit yo.

Gen sèvis entèpretasyon pa telefòn ki disponib pou tout lekòl ak biwo pandan lè regilye biwo nan plis pase 150 lang. Yo ka jwenn sèvis sa yo lè yo kontakte T & I Unit men se yon founisè sèvis ki gen kontra ki bay yo. Moun ki fè idantifikasyon lang lan se swa:

- Yon manm estaf DOE ki idantifye lang lan
- Paran LEP a idantifye lang yo pale sou yon Kat Idantifikasyon Lang *Language Identification Card*
- Founisè sèvis la idantifye lang lan ak lengwis ki espesyalize nan sèvis entèpretasyon pa telefòn.

Yo dwe bay tou sèvis entèpretasyon yo nan reyinyon Vil sa yo:

- Reyinyon Komite pou regleman nan edikasyon *Panel for Educational Policy* (PEP)
- Reynyon paran ELL Vil la
- Reyinyon Konsèy Edikasyon Vil/Konsèy Edikasyon pou kominote *Citywide & Community Education Council*

- Lòt reyinyon paran Vil biwo santral òganize

Yo fè evènman sa yo nan tout vil la epi gen entèprèt ki soti pami founisè sèvis ki gen kontra yo kouvri. Men kòman yo idantifye davans lang pou yo kouvri yo:

- Swa nan analiz done sou *Home Language Identification* swa nan done ki soti nan resansman pou kote evènman an ap fèt la
- Nan reponn demann pou lang presi moun k ap patisie yo atann oswa òganizatè evènman an
- Nan analiz done ki soti nan evènman yo te fè avan nan lokal la

B. Tradiksyon

Regleman Chanselye A-663 egzije pou dokiman biwo santral DOE ak lekòl kreye ki gen enfòmasyon enpòtan sou edikasyon yon timoun tradui nan lang nou kouvri yo. Dokiman ki gen enfòmasyon enpòtan ki tradui tankou domèn bagay sa yo ak lòt ankò:

- Enskripsyon, aplikasyon ak chwa
- Nòm ak pèfòmans
- Konduit ak disiplin
- Sekirite ak sante
- sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak edikasyon espesyal *related services*
- Dwa pou edikasyon piblik oswa plasman nan nenpòt pwogram edikasyon espesyal, elèv k ap aprann lang anglè *English Language Learner*(ELL) oswa pwogram ki papwogram akademik ofisyèl.
- Transfè ak ranvwa
- Zafè legal oswa zafè disiplin

T & I Unit responsab pou tradui majorite dokiman sa yo nan lang nou kouvri yo. W ap jwenn tradiksyon pou lang nou pa kouvri yo nan men founisè ki gen kontra ki kalifye.

Tout travay tradiksyon T & I Unit fè se tradiktè DOE anplwaye ki tradui yo epi ki sibi yon evalyasyon kontwòl kalite avan yo finalize yo. Gen zouti tradiksyon tankou lojisyèl memwa pou tradiksyon, glosè bileng tèminoloji DOE ak gid estil pou lang etranje ki la pou ede tradiktè DOE yo.

V. Kanpay motivasyon

T & I Unit distribiye afich nan plizyè lang ba tout lekòl leta DOE ak biwo distri nan vil la nan kòmansman chak ane lekòl. Yo egzije lekòl yo afiche postè sa yo yon kote ki byen vizib. Postè sa yo montre paran LEP yo kote ak kòman pou yo jwenn sèvis entèpretasyon Inite a mete disponib tou sou sit wèb la lòt siy ki nan plizyè lang(paegzanp siy ki bay direksyon) lekòl ak biwo yo ka *download*, enprime ak afiche. FACE fè verifikasyon sou kote presi nan lekòl yo pandan ane a pou asire gen siy apwopriye ki tradui epi ki vizib pou paran k ap vizite lekòl la.

DOE fè disponib pou paran Lwa sou Dwa paran ak yon Gid paran pou edikasyon espesyal nan lang nou kouvri yo. Toule dokiman yo fè paran konnen dwa yo pou jwenn sèvis tradiksyon/entèpretasyon. Yo distribiye dokiman sa yo ba paran nan kòmansman chak ane lekòl epi yo ka jwenn yo tou sou sit wèb DOE a (www.schools.nyc.gov).

VI. Trening

Trening pou estaf nan domèn lan enpòtan pou siksè inisyativ aksè nan lang DOE a. Yo estaf apwopriye ki nan lekòl la ak pèsonèl domèn lan trening sou kondisyon Regleman Chanselye A-663 ansanm ak resous ki disponib yo pou respekte kondisyon sa yo.

Men enfòmasyon ki nan trening lan:

- Wòl lekòl nan favorize disponiblite sèvis aksè nan lang
- Jwenn sèvis tradiksyon ak entèpretasyon pa telefòn nan T&I Unit
- Jwenn siy ki tradui pou afich ak Kat idantifikasyon lang prensipal pale lakay yo
- Resous ak sipò ki disponib nan T & I unit
- Jwenn lajan pou tradiksyon nan lekòl ak opsyon pou itilize lajan sa yo

VII. Kontwòl

Asire kalite sèvis tradiksyon/entèpretasyon nou yo enpòtan anpil pou kominike kòmsadwa avèk paran LEP nou yo. T & I Unit la travay nan kolaborasyon avèk lòt biwo DOE yo pou demare pwosesis evalyasyon sa a pou asire aplikasyon inisyativ aksè nan lang li a reyisi:

- Sondaj satisfaksyon direktè – Se sondaj yo distribiye ba tout direktè lekòl pou evalye sipò santral yo bay lekòl yo, tankou sèvis tradiksyon/entèpretasyon T & I Unit ak founisè sèvis lang lòt kote bay.

- Sondaj satisfaksyon kliyan T & I – Se sondaj yo distribiye ba tout kliyan T & I pou evalye T & I Unit bay.

- Sondaj lekòl pou paran – Se sondaj yo fè pou tout paran ki gen timoun ki gen laj pou ale lekòl pou evalye lekòl pitit yo ye, tankou si wi ou non lekòl la kominike avèk paran nan lang natifnatal yo.

- Kontwòl afich byenveni ki nan plizyè lang – Vizit sou plas pou verifye si lekòl yo gen afich byenveni nan plizyè lang yo egzije a afiche byen vizib nan rantre lokal la.

Anplis,T & I Unit konsève dosye tout demann li resevwa pou sèvis tradiksyon, sèvis entèpretasyon nan lokal ak sèvis entèpretasyon nan telefòn ki soti nan tout lekòl ak biwo DOE.